

KISA OU DWE KONNEN KONSÈNAN

EGZIJANS ENSKRIPSYON POU MOUN KI PA SITWAYEN

Obligasyon an p ap antre anvigè anvan 11 avril 2025. Tanpri chèche konsèy legal nan men yon avoka imigrasyon ou fè konfyans pou poze kesyon sou obligasyon sa a oswa ki jan li ka afekte w oumenm oswa fanmi ou.

Nan dat 12 mas 2025, administrasyon Trump la te pibliye yon Règleman Final Pwovizwa (Interim Final Rule oswa "IFR"), ki ap antre anvigè nan dat 11 avril 2025, ki remete yon dispozisyon lwa imigrasyon ameriken ki te inaktif depi lontan ki egzije pou tout imigran ki gen plis pase 14 zan ki antre Ozetazini san viza oswa ki pa te enspekte oswa ki pa janm te gen kontak ak otorite imigrasyon depi yo te antre, pou yo "anrejistre" ak gouvènman an, (epi pou yo toujou gen sou yo prèv enskripsyon yo). Kounye a, gouvènman an deziyen yon fòm pou imigran yo "anrejistre" tèt yo ak/oswa pitit yo ki gen plis pase 14 an epi li bay plis detay sou pwosesis la, anba a.

Ki sa egzijans enskripsyon a ye?

Egzijans enskripsyon an, ki te adopte pandan Dezyèm Gè Mondyal la, se yon dispozisyon lwa imigrasyon ki egzije tout moun ki pa sitwayen ki gen 14 an oswa plis, ki poko "anrejistre oswa bay anprent yo" pou yo anrejistre ak gouvènman federal la nan 30 jou apre yo rive (oswa 30 jou apre yo vin gen 14 zan). Lwa a pèmèt tou pouswiv moun sa yo nan tribinal penal pou akizasyon deli federal (jiska sis mwa prizon) ak/oswa yon amann si yo pa anrejistre.

Èske sa se yon nouvo egzijans

Non. Egzijans sa a te egziste nan lwa a pou plis pase 50 an, men apre yon tan, li te vin demode, enposib pou fè aplike e li te rete inaktif. Kidonk, lwa a te vin pa ka aplike. Yo te itilize egzijans enskripsyon tankou sa a nan tan lontan pou vize popilasyon vilnerab yo. Nan premye jou administrasyon an, Trump te siyen yon dekrè prezidansyèl (executive order) ki te mete aksan sou dispozisyon lwa imigrasyon sa a e depi lè sa a yo te bay pwokirè federal yo lòd pou yo priyorize pouswit kriminèl pou ofans ki gen rapò ak imigrasyon, tankou pou moun ki pa anrejistre. Nan dat 12 mas 2025, administrasyon an te deziyen yon nouvo fòm enskripsyon, Fòm G-325R, Enfòmasyon Biyografik (Enskripsyon), pou moun ka "anrejistre".

Ki moun ki pral oblije enskri?

Tout moun ki pa sitwayen ki gen 14 zan oswa plis ki pa te bay anprent oswa ki pa te gen kontak ak okenn otorite epi ki rete Ozetazini pou plis pase 30 jou dwe enskri. Paran oswa gadyen legal moun ki pa sitwayen ki poko gen 14 zan dwe anrejistre yo tou. Pou egzanp, dapre IFR la, sa ka enkli:

- Moun ki "antre san enspeksyon," oswa pèmision, epi ki pa te gen kontak ak otorite imigrasyon depi yo te antre Ozetazini;
- Moun ki gen estati imigrasyon tanporè oswa ranvwa difere, men ki pa gen yon pèmi travay sou baz sa a;
- Kanadyen ki te antre Ozetazini sou fwontyè; epi,
- Moun ki te aplike men ke yo pa te akòde nenpòt sekou imigrasyon.

Ki moun ki pap oblije enskri?

IFR la bay kèk eksepsyon pou moun ki jije yo te deja anrejistre akòz yo te deja bay anprent oswa kote yo ye nan ka/pwosesis imigrasyon yo – pa egzanp, moun ki:

- Te antre Ozetazini ak yon viza oswa ke yo te bay imigrasyon kondisyonèl pwovizwa (parole) Ozetazini;
- Gen kat vèt oswa deja aplike pou yon kat vèt;
- Te aplike pou pèmisyon pou yo volontèman kite peyi Etazini;
- Gen yon pwosedi tribinal imigrasyon ki ankou (pou ranvwa "removal"); epi ki
- Gen yon pèmi travay (pa egzanp akòz yo gen TPS, Aksyon Difere oswa aplikasyon pou azil).

Kisa pwosesis la ye pou enskri?

IFR la deklare ke pou enskri, moun dwe kreye yon kont USCIS sou Entènèt (myUSCIS) pou tèt yo, oswa pou pitit yo, epi answit ranpli Fòm Enfòmasyon Biyografik G-325R la (Enskripsyon) sou Entènèt, pou tèt yo oswa pou pitit yo ki poko gen 14 zan. Fòm sa a mande: enfòmasyon pèsònèl; kote ou rete, kote ou travay, maryaj, ak istorik fanmi w; ak enfòmasyon background, tankou istorik kriminel ak imigrasyon. Pa gen okenn frè pou ranpli fòm nan epi pa gen okenn dat limit ki endike pou moun ki deja Ozetazini yo sèvi ak pwosesis enskripsyon an (eksepte pou moun ki gen 14 zan yo ki dwe enskri nan 30 jou apre 14yèm anivèsè nesans yo). Règ la di tou ke moun ki dwe anrejistre tèt yo dwe rapòte nenpòt chanjman nan adrès yo tou bay gouvènman an nan 10 jou apre yo chanje adrès.

Kisa k ap pase apre yon moun enskri?

Dapre IFR la, yon moun ta dwe resevwa yon avi ki make "Biometrics Services Appointment" (randevou pou sèvis byometrik) – ki se yon randevou pou bay anprent dwèt, yon foto, ak siyati nan yon sant USCIS. USCIS ka sèvi ak enfòmasyon byometrik sa yo pou verifikasyon idantite, ak verifikasyon background ak sekirite, ki gen ladan tchèke dosye istorik kriminel yo, epi y ap bay moun nan yon "Prèv Enskripsyon Etranje" ("Proof of Alien Registration"). Sa p ap bay pèsòn okenn fòm estati legal oswa pwoteksyon kont depòtasyon. Okontrè, defansè yo krentif ke administrasyon an planifye pou yo sèvi ak enfòmasyon yo kolekte yo pou arete ak depòte moun, akòz objektif IFR la deklare egjizans lan se pou swiv ak fòse moun yo kite peyi Etazini.

Èske pral gen kontestasyon legal pou Egjizans sa a?

Prèske sètènman, nou ka atann kontestasyon legal pou egjizans sa a epi nou pral kenbe ou enfòm sou nenpòt devlopman.

Chèche konsèy legal nan men yon founisè sèvis legal ki gen bon repitasyon

Li enpòtan pou w chèche konsèy legal si w gen kesyon sou egjizans enskripsyon sa a oswa kijan sa ka afekte w oumenm ak fanmi w. Pran prekosyon ak "notè" oswa magouyè. Jwenn yon founisè sèvis legal ki gen bon repitasyon ki toupre ou nan <https://iAmerica.org/legalhelp>.

Pran aksyon, epi fè tande vwa ou!

Vin jwenn nou nan batay pou yon sistèm imigrasyon ki pi jis, imen, ak òdone—youn ki kreye lòt chemen legal pou imigran ka rete Ozetazini ak yon chemen pou sitwayènte. Tèks FAMILY nan 802495.